

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Kaparigelan pangajaran basa sunda anu diajarkeun di sakola nyaéta; ngaregepkeun, maca, nyarita, jeung nulis. Salah sahijina nyaéta kaparigelan nulis. Graham jeung Harris (dina Rahman, 2018, kc. 14) nétélakeun yén nulis ogé dijadikeun hiji alat pikeun ngukur kamampuh siswa disakabéh tingkat pendidikan. Bisa ditingali ogé dina kurikulum pendidikan dimana aya kompetensi dasar nu meredih siswa sangkan parigel dina nulis (Rahman, 2018, kc. 1). Nurutkeun Atar Semi (2007, kc. 14), nulis mangrupa hiji prosés kreatif mindahkeun gagasan kana lambang-lambang tulisan. Nurutkeun nurjanah (2009, kc.1) nulis nyaéta asal kecapna tina ‘tulis’ maké rarangkén N- (nasal) anu ngandung harti ‘ngalakukeun’. Harti ébréh yén nulis téh mangrupa hiji kagiatan. Aya ogé nurutkeun Tarigan (2008, kc. 3) nulis mangrupa kagiatan anu produktif jeung éksprésip. Kagiatan nulis henteu datang sacara otomatis, tapi kudu ngaliwatan latihan sarta kudu parigel ngamanpaatkeun grafelogi, struktur basa, jeung kandaga kecap.

Dina kagitan nulis, nu nulis kudu miboga kamampuh pikeun ngadumaniskeun kosa kecapna, ogé kamampuh néangan jeung ngamekarkeun idé atawa gagasan. Dina kanyataanana henteu sakabéh jalma bisa ngamekarkeun idé atawa gagasan dina wangun tulisan. Aya sababaraha jalma anu ngarasa hésé dina ngamimitian nulis hiji karangan atawa karya. Salah sahijina dina kagiatan nulis karya sastra anu kauger ku kaédah nu tangtu, saperti nulis pangalaman pribadi. Luyu jeung pamadegan (Rahman, 2020, kc. 60) yén dibandingkeun jeung tilu kaparigelan séjénna, kaparigelan nulis téh hésé dikawasa. Lantaran kaparigelan nulis ngarahkeun siswa pikeun ngébréhkeun ide, gagasan, pikiran jeung rasa sangkan jadi hiji karya nu bisa dipikapaham ku jalma séjén.

Nulis pangalaman pribadi jadi salah sahiji pangajaran nu ditepikeun di sakola dumasar kana *KIKD. 4.4 menyusun dan mengomunikasikan teks narasi*

tentang pengalaman pribadi sesuai dengan fungsi sosial, struktur teks, dan unsur kebahasaan. (Disdik Prov Jabar, 2017, kc. 26). Dumasar kana KIKD nulis pangalaman pribadi miboga udagan pikeun mampu nyusun nulis pangalaman pribadi dumasar, struktur téks jeung unsur kabahasaan (eusi gagasan nu nu diébréhkeun, organisasi eusi, tata basa, struktur jeung kosa kecap, éjahan). Tarigan (2008, kc. 31) nétélakeun yén nu dimaksud nulis pangalaman pribadi nya éta hiji wangun tulisan anu méré hiji hal anu pikabungaheun dina kahirupan pribadi nu nulis. Pangalaman pribadi mangrupa hiji kajadian anu kungsi kaalaman di mangsa ka tukang ku diri sorangan.

Kanyataanana siswa SMP Negeri 7 Kota Bandung can mampu nulis pangalaman pribadi, anu ngawengku (struktur téks bubuka, eusi, jeung panutup jeung unsur kabahasaan kalimah déklaratif jeung introgatif, kalimah sambung, éjahan, jeung tulisan). Anu ngalantarankeun can mampu dina nulis pangalaman pribadi nyaéta lantaran modél pangajaran nu teu cocok pikeun ngahontal udagan nulis pangalaman pribadi. Ku kituna sangkan ngahontal udagan nu geus diguar perlu ayana modél pangajaran nu éféktif/cocok sangkan bisa ngahontal udagan dina nulis pangalaman pribadi. Lantaran ieu hal mangrupa salah sahiji indikasi anu bakal nangtukeun kahontalna tujuan pangajaran (Rahman, 2011, kc. 1).

Salah sahiji modél pangajaran anu cocok pikeun nulis pangalaman pribadi nyaéta modél pangajaran *Think-Talk-Write* (TTW) nyaéta stratégi anu ngawadahan pikeun latihan berbahasa lisan jeung tulisan kalayan lancar. Ieu modél diwanohkeun ku Huinker jeung Laughin (dina Huda 2013, kc. 218) kaonjoyan ieu modél sangkan siswa leuwih kritis pikeun mikir, ngomong, jeung nulis hiji hal. Luyu jeung pamadegan (Rahman, 2018, kc. 22) guru perlu ngarancang pangajaran nu ngawangun kaparigelan mikir kritis siswa. Kaonjoyan laina pikeun mekarkeun tulisan jeung ngalatih basa saacan nulis, sangkan mangaruhan siswa dina nagtukeun ide-ide saacan nyieun hiji tulisan. Sangkan ieu modél pangajaran éféktif siswa dibagi kelompok hétérogén anu ngawengku 3-5 urang. Pikeun ngahontal éta tujuan aya sintak anu merenah urutana nya éta *Think* (mikir), *Talk* (ngomong), jeung *Write* (nulis). Hasil

Rizal Ramdhani, 2020

MODÉL PANGAJARAN *THINK-TALK-WRITE* (TTW) PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH NULIS PANGALAMAN PRIBADI

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

tulisan anu geus dijieun ku siswa, tuluy diévaluasi jeung dibéré arahan pikeun ngahontal tujuan pangajaran nu dipiharep (Rahman, 2019, kc. 2). Tytler dina Ansari anu dicutat ku kuswari (dina Iskandarwassid 2009, kc. 148) nyebutkeun yén model pangajaran *Think-Talk-Write* (TTW) kaasup kana tiori konstruktivisme, anu miboga rarancang nya éta; méré kasempetan pikeun siswa ngébréhkeun gagasan ngagunakeun basa sorangan, méré lolongkrang pikeun siswa mikir ngeunaan pangalamana, sangkan leuwih kréatif jeung imajinatip, méré kasempetan siswa pikeun nyobaan gagasan anyar, méré pangalaman kana gagasan nu geus dipiboga, ngarojong siswa pikeun ngarobah gagasan nu geus aya, jeung nyieun lingkungan diajar nu kondusif. Ieu modél pangajaran saluyu jeung udagan nu hayang dihontal dina nulis pangalaman pribadi.

Lain ti éta, sacara émpiris aya sababaraha panalungtikan nu geus dilakukeun, di antarana panalungtikan anu dilakukeun ku Dianuri, spk. (2017) hasilna éféktif pikeun dipaké. Zulkarnaini (2011) hasilna éféktif pikeun dipaké. Tifani, spk. (2017) hasilna éféktif pikeun dipaké. Elvilida Sari Siregar (2018) hasilna éféktif pikeun dipake. Panalungtikan nu dilakukeun ku Leni Risna Nuraeni (2013) judulna nyaéta “Modél Pangajaran *Think-Talk-Write* (TTW) pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Guguritan” anu hasilna éféktif pikeun dipaké. Panalungtikan anu dilakukeun ku Astri Mustika Maulida (2016) nu judulna “Modél Pangajaran *Think-Talk-Write* (TTW) pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Wawangsalan” anu hasilna éféktif pikeun dipaké. Jeung panalungtikan nu dilakukeun ku Siska Vitria Dewi (2014) nu judulna “Modél Pangajaran *Think-Talk-Write* (TTW) pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Téks Éksposisi” anu hasilna éféktif pikeun dipaké.

Dina ieu panalungtikan, modél pangajaran *Think-Talk-Write* (TTW) rék diuji pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa dina nulis pangalaman pribadi.

Ku kituna dumasar kana tinimbangan di luhur perlu diayakeuna panalungtikan anu judul na “Modél Pangajaran *Think-Talk-Write* pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Pangalaman Pribadi (Studi Kuasi Éksperimén di Kelas VII J Kota Bandung Taun Ajar 2019/2020)”. Pikeun

Rizal Ramdhani, 2020

MODÉL PANGAJARAN *THINK-TALK-WRITE* (TTW) PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH NULIS PANGALAMAN PRIBADI

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

mikanyaho sajarah mana ieu modél lamun dilarapkeun kana kamampuh nulis pangalaman pribadi.

1.2 Idéntifikasi Masalah

Dumasar kana kasang tukang di luhur, aya sawatara hal nu bisa diidéntifikasi pikeun ditalungtik, nya éya;

- 1) kamampuh nulis pangalaman pribadi, dumasar kana struktur téks jeung unsur ka bahasaan (isi gagasan nu nu diébréhkeun, organisasi eusi, tata basa, struktur jeung kosa kata, éjahan).
- 2) modél pangajaran *Think-Talk-Write* (TTW) nu urutana *Think* (mikir), *Talk* (ngomong), jeung *Write* (nulis).

1.3 Rumusan Masalah

Dumasar kasangtukang panalungtikan jeung idéntifikasi masalah panalungtikan, aya sababaraha rumusan masalah anu dipedar dina ieu panalungtikan, saperti ieu di handap;

- 1) kamampuh nulis pangalaman pribadi siswa kelas VII J SMP Negeri 7 Kota Bandung Taun Ajaran 2019/2020 saméméh dilarapkeun modél pangajaran *Think-Talk-Write* (TTW)?
- 2) kamampuh nulis pangalaman pribadi siswa kelas VII J SMP Negeri 7 Kota Bandung Taun Ajaran 2019/2020 sanggeus dilarapkeun modél pangajaran *Think-Talk-Write* (TTW)?
- 3) aya ngaronjatna kamampuh nulis pangalaman pribadi siswa kelas VII J SMP Negeri 7 Kota Bandung Taun Ajaran 2019/2020 sanggeus dilarapkeun modél pangajaran *Think-Talk-Write* (TTW)?
- 4) aya bédana anu signifikan antara nulis pangalaman pribadi siswa kelas VII J SMP Negeri 7 Kota Bandung Taun Ajaran 2019/2020 saméméh jeung sanggeus dilarapkeun modél pangajaran *Think-Talk-Write* (TTW)?

1.4 Tujuan Panalungtikan

Luyu jeung rumusan masalah anu dipedar di luhur, ieu panalungtikan miboga tujuan anu baris dihontal, nu dibagi kana tujuan umum jeung tujuan husus.

1.4.1 Tujuan Umum

Tujuan umum ieu panalungtikan nyaéta pikeun nguji éféktif henteuna modél *Think-Talk-Write* dina nulis pangalaman pribadi.

1.4.2 Tujuan Husus

Dumasar kana masalah anu dirumuskeun di luhur, sacara husus ieu panalungtikan boga tujuan pikeun ngadeskripsikeun:

- 1) kamampuh siswa kelas VII J SMP Negeri 7 Kota Bandung Taun Ajaran 2019/2020 dina nulis pangalaman pribadi saméméh dilarapkeun modél *Think-Talk-Write*;
- 2) kamampuh siswa kelas VII J SMP Negeri 7 Kota Bandung Taun Ajaran 2019/2020 dina nulis pangalaman pribadi sanggeus dilarapkeun modél *Think-Talk-Write*;
- 3) ngaronjatna kamampuh nulis pangalaman pribadi siswa kelas VII J SMP Negeri 7 Kota Bandung sanggeus ngagunakeun modél pangajaran *Think-Talk-Write*; sarta
- 4) béda anu signifikan antara kamampuh nulis pangalaman pribadi siswa kelas VII J SMP Negeri 7 Kota Bandung Taun ajaran 2019/2020 saméméh jeung sabada dilarapkeun modél pangajaran *Think-Talk-Write*.

1.5 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat anu dipiharep tina ieu panalungtikan téh di antarana mangpaat nu sipatna tioritis jeung praktis.

1.5.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis, ieu panalungtikan bisa dijadikeun référénsi pikeun mekarkeun élmu pangaweruh, salaku bahan atawa sumber acuan pikeun panalungtikan kahareupna, hususna ngeunaan modél pangajaran *Think-Talk-Write* dina pangajaran nulis pangalaman pribadi.

1.5.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun;

- 1) pikeun siswa, bisa kairut jeung mekarkeun motivasi kaaktifan sarta bakal ngaronjatkeun hasil diajar hususna diajar nulis pangalaman pribadi.
- 2) pikeun guru, bisa dijadikeun salaku hiji statégi pikeun nyiptakeun siswa nu aktif, kritis, jeung dipikaresep tur kréatif.
- 3) pikeun nu nalungtik, bisa dijadikeun motivasi sangkan mampuh nyiptakeun, ngarancang sarta ngamangpaatkeun modél pangajaran nu aya salaku alat pikeun ngamekarkeun pola pangaweruh, pamahaman, sarta ngarahkeun siswa kana bahan ajar anu pikaresepeun.

1.6 Raraga Tulisan

Dina ieu skripsi disusun jadi lima bab, anu diwincik ieu di handap.

Bab I Bubuka ngawengku kasang tukang masalah, idéntifikasi masalah, jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, jeung raraga tulisan.

Bab II Ngawengku ulikan tiori, ngawengku ulikan panalungtikan saméméhna, raraga mikir, jeung hipotesis anu ngawengku ngeunaan modél pangajaran *Think-Talk-Write*, nulis pangalaman pribadi jeung sagala matéri bahan pangajaran.

Bab III Méthode panalungtikan, anu eusina nyaéta desain panalungtikan, sumber data, instrumén panalungtikan, prosédur panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung analisis data.

Bab IV Hasil panalungtikan jeung pedaran, anu eusina mangrupa hasil analisis jeung déskripsi ngeunaan modél pangajaran *Think-Talk-Write* pikeun

ngaronjatkeun kamampuh nulis pangalaman pribadi Studi Kuasi Ékspérimén di Kelas VII J SMP Negeri 7 Bandung Taun Ajaran 2019/2020.

Bab V Kacindekan jeung saran, anu eusina ngeunaan kacindekan hasil panalungtikan jeung saran pikeun ka hareupna.